



MEN SA OU TA DWE KONNEN SOU FAKTI ENÈJI OU NAN HIVÈ SA A.

Ivè ap vini, ki tipikman vle di pi wo bòdwo sèvis piblik pou kenbe kay ou cho. Pwogram asistans ki disponib pou ede kliyan peye bòdwo yo epi jere pi gwo depans yo. Pwogram efikasite enèji kapab ede diminye itilizasyon enèji ou tou.



Si ou poko peye bòdwo sèvis piblik ou

Rele konpayi sèvis piblik ou a epi mande yo apwopo pwogram asistans kliyan yo a:

- Pousantaj rabè ki elijib pou revni
- Plan bidjè ki kenbe bòdwo enèji ki estab atravè 12 peman egal chak mwa
- Plan peman fleksib pou bòdwo pase yo poko peye yo
- Pwogram soulajman dèt ki elijib pou revni ("Arrearage Management")



Chofaj ou pa ka fèmen si...

- Tout manm **granmoun** nan kay la **gen 65 an oswa plis** [OSWA](#)
- Kay yo te **dokimante difikilte finansye EPI**:
 - Yon manm nan kay la ki gen yon **maladi grav** [OSWA](#)
 - Yon **tibebeki** poko gen 12 mwa ap viv nan kay la [OSWA](#)
 - Li ant **27 Oktòb ak 1ye Avril**

Menm lè yon pwoteksyon fèmen an plas, kliyan yo toujou dwe peman pou bòdwo yo. Pwoteksyon fèmen yo pa aplike otomatikman— kontakte sèvis piblik ou a pou mande yon pwoteksyon



Pousantaj ponp chalè sezonye yo

Kounye a Eversource, National Grid ak Unitil ofri **pi ba pousantaj livrezon elektrik soti 1ye novanm rive 30 avril pou kay ki itilize yon ponp chalè** pou chofaj nan sezon fredi. Si ou pa te otomatikman enskri, kontakte sèvis piblik ou a pou w enskri.

BERKSHIRE GAS
(800) 292-5012

EVERSOURCE
(800) 592-2000

LIBERTY
(800) 544-4944

NATIONAL GRID
(800) 322-3223

UNITIL
(888) 301-7700

ÈD

SIPLEMANTE

Resous ki soti nan Biwo Pwokirè Gouvènman an mass.gov/ago/fuelassistance (617) 727-8400

Depatman Sèvis Piblik

mass.gov/dpu (617) 737-2836



ASISTANS ENÈJI AK EKONOMI SOU FAKTI



Asistans Federal

- Ou ka kalifye pou Pwogram Asistans Federal pou Enèji Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP)
- **Elijiblite HEAP baze sou revni total lakay ou nan 4 semèn ki sot pase yo**
- Yo te rekonèt pwogram lan deja kòm "LIHEAP" epi yo souvan rele li "Fuel Assistance"
- Itilize enfòmasyon kontak ki anba yo pou jwenn ajans aksyon kominotè lokal ou a kote w ap kapab aplike pou HEAP

- masscap.org/heatinghelpma
- mass.gov/hed/fuel
- Liy dirèk pou Sekou Fredi: (800) 632-8175



Asistans Ijans Eta a

Pou asistans ijans nan yon sèvis piblik fèmen, ou kapab aplike pou finansman nan men **Asistans Rezidansyèl pou Fanmi nan Tranzisyon (RAFT)**.

- applyhousinghelp.mass.gov/



Efikasite enèji ak elektrifikasyon

- Kontakte Mass Save® pou yon evalyasyon enèji kay pou wè ki jan ou ka diminye itilizasyon enèji an jeneral ou, sa ki ta dwe bay pi ba bòdwo chak mwa avèk letan
- Enstale yon tèmostat pwogramab
- Konsidere enèji solè

- masssave.com
- mass.gov/ago/solar
- Rele (866) 527-7283



Founisè elektrik konpetitif

Etid AGO jwenn ke pifò kliyan founisè elektrik tyès yo pèdi lajan alavni. Pran prekosyon ak maketing twonpri k ap pwomèt ekonomi konpare ak pousantaj sèvis piblik elektrik ou a. **Si ou gen yon founisè konpetitif, verifiye si pousantaj ou a konpetitif avèk pousantaj sèvis piblik ou a oswa konsidere enskri nan pwogram agregasyon minisipal vil oswa site w la ("elektrisite chwa kominotè").**

ÈD

SIPLEMANTÈ

Resous ki soti nan Biwo Pwokirè Gouvènman an mass.gov/ago/fuelassistance (617) 727-8400

Depatman Sèvis Piblik

mass.gov/dpu (617) 737-2836